

TÈM LESON SA A SE ENTÈRAKSYON KONPOZANT ANVIWÒNMAN AN**SYANS EKSPERIMANTAL****KONSÈY**

Ministè Edikasyon Nasyonal mete nan men tout elèv nan peyi a kaye egzèsis sa a. L ap pèmèt ou aprann konnen kò w, jan li fèt, jan li fonksyone ak tout bon konpòtman ou dwe genyen pou rete an sante.

L ap pèmèt ou konnen tout plant ak tout bèt k ap viv bò kote w. L ap pèmèt ou fè anpil egzèsis pou konprann pi byen tout leson mèt la oubyen metrès la te fè ak ou nan syans eksperimantal.

Pou fè egzèsis yo, w ap bezwen kreyon nwa ak kreyon koulè. Se pou w koute byen, oswa li byen sa yo mande w fè yo pou w ka reyisi egzèsis yo. Apre chak seri egzèsis, w ap jwenn tout sa ou dwe konnen sou leson an. Pa bliye ou dwe refè tout egzèsis yo epi repase tout sa nou dwe konnen yo anvan chak egzamen.

Egzèsis yo enpòtan anpil pou ede w konprann nosyon mèt la oubyen metrès la ap montre w la. Ou dwe fè yo apre chak leson epi lè mèt la oubyen metrès la mande w fè yo. Si w gen egzèsis ou pa konprann, ale kote mèt la oubyen metrès la pou li ba w plis espikasyon.

Kaye sa a se pou ou, ou dwe pwoteje l epi kenbe l pwòp.



TÈM : ENTÈRAKSYON KONPOZANT ANVIWÒNMAN NOU

OBJEKTIF :

Idantifye sa èt vivan yo bezwen pou yo viv

1- Nan liy ki an ba la a, ekri kèk bagay yon moun bezwen pou li ka viv.

2- Nan liy ki an ba la a, ekri twa (3) bagay zannimo yo bezwen pou yo viv.


3- Nan liy ki an ba la a, ekri twa (3) bagay plant yo bezwen pou yo viv.

4- Gade imaj sa yo byen. Di ki plant ki p ap ka kontinye viv, epi di pou ki sa.

- a) Yon plant ki fèmen nan yon bokal ;
- an) Yon plant ki nan tè ;
- b) Yon plant ki derasinen.



5- Gade imaj sa yo byen, ankadre moun ki byen pòtan an epi souliye sa ki mèg la.



SA NOU DWE KONNEN :

Gen anpil bagay ki endispensab pou èt vivan yo (tankou lè, dlo ak manje); plant yo pa ka viv san dlo, lè ak sèl minewo. Bèt yo pa ka viv san dlo, lè ak manje.

Moun pa ka viv san bagay sa yo ; nou dwe bwè chak jou 3 ak 5 lit dlo trete, respire lè ki pa polye, byen manje chak jou. Nan manje n ap manje yo, dwe genyen twa (3) gwoup aliman ki se : aliman enèjetik, aliman pwotektè epi aliman konstriktè.

Lè yon moun manje manje ki pa ekilibre, li ka fè malnitrisyon. Nou toujou dwe manje manje ki ekilibre tankou manje sa yo :

Aliman ki gen pwoteyin pou bati kò nou (sa yo rele « aliman konstriktè ») se manje tankou vyann, ze ak lèt.

Aliman ki pwoteje kò nou se fwi ak legim.

Aliman ki ban nou enèji se sereyal (tankou mayi, diri, pitimi ak ble) epi grès yo.

